<u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

**दिनांक–10 फरवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आजु प्रयागराज महाकुंभ क त्रिवेणी संगम में पवित्र डुबकी लगउलीं। उहां के गंगा, जमुना अउर सरस्वती नदी के संगम पर पूजा–अर्चना कइलीं। एह मौका पर प्रदेस के राज्यपाल आनंदीबेन पटेल, अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहलें। राष्ट्रपति सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट में कहलीं कि महाकुंभ में उमड़लि भारी भीड़ि भारत के समृद्ध सांस्कृतिक विरासत क जिवंत प्रतिक हौ। उहां के कहलीं कि महाकुंभ मानवता के एकता अउर आध्यात्मिकता क सनेसा देला। हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

**अपनी यात्रा के दौरान राष्ट्रपति मुर्मू नाव के द्वारा त्रिवेणी संगम पहुंची और साइबेरियन पक्षियों को दाना खिलाया। इसके बाद राष्ट्रपति ने प्रयागराज में अक्षय वट और बड़े हनुमान मंदिर का दर्शन किया। वहीं डिजिटल महाकुंभ अनुभूति केंद्र के माध्यम से उन्होंने आधुनिक तकनीक के जरिए महाकुंभ की गहराई को भी समझा। 13 जनवरी से शुरू हुआ महाकुंभ का मेला 26 फरवरी तक चलेगा। और अब तक 44 करोड़ से अधिक श्रद्धालु त्रिवेणी संगम में स्नान कर चुके हैं। दीपेंद्र कुमार आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।**

उत्तराखंड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामीओ आजु अपने परिवार के साथे त्रिवेणी संगम में पवित्र स्नान कइलें। पवित्र स्नान के बाद उहां के कहलीं कि प्रयागराज दुनिया भर में लाखो लोगिन के आस्था क केन्द्र हौ।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव माघ पूर्णिमा नहान से पहिले आजु महाकुंभ क्षेत्र के रेलवे स्टेसनन क इंतजाम क ऑनलाईन अवलोकन अउर समीक्षा कइलें। दिल्ली में पत्रकारन से बतियावत श्री वैष्णव कहलें कि सरकार महाकुंभ बदे प्रयागराज सहर क आठ रेलवे टेसनन पर पुरहर इंतजाम कइले हौ।

**प्रयागराज महाकुंभ के अवसर पे आठ स्टेशन्स पर बहुत अच्छे से रेलवे का व्यवस्थित तरीके से काम चल रहा है। राज्य प्रशासन के साथ मेला प्रशासन के साथ मिल के एकदम कोआर्डिनेटेड वे में चल रहा है। कल प्रयागराज जंक्शन से तीन सौ तीस गाड़ियां निकली हैं और आज भी बहुत ही व्यवस्थित तरीके से चल रहा है। कहीं पे कोई दिक्कत नहीं है। अगर कहीं पे कोई रिम्यूर्स फैलाने की कोशिश करे तो उसको नहीं सुनना है उस पे ध्यान नहीं देना है।**

रेल मंत्रालय फरिया के कहले हौ कि जिला प्रसासन के हिसाबि से खाली प्रयागराज संगम रेलवे स्टेसन एह महिन्ना क चउदह तारीख ले यात्रियन क आवा जाही बदे बंन्न रही। हालांकि महाकुंभ मेला क्षेत्र के लग्गे क अउरियो आठ स्टेसनन से नियमित अउर खास ट्रेन सुचारू रूप से चलि रहलि हौ। प्रदेस सरकार क सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स के जरियो से फरिया के कहल गइल हौ कि महाकुंभ क्षेत्र में आवे वाले आठ स्टेसनन प्रयागराज छिवकी, नैनी, प्रयागराज जंक्शन, सूबेदारगंज, प्रयाग, फाफामऊ, प्रयागराज रामबाग अउर झूंसी से नियमित ट्रेन चलावलि जा रहलि हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु नई दिल्ली से देस भर के विद्यार्थियन के साथे परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम क आठवां संस्करण के समय बातचीत कइलें। उहां के सिक्षा के महातम पर जोरि देति एके समग्र विकास बदे जरूरी बतवलीं। प्रधानमंत्री छात्रन के परिक्षा के समय तनाव अउर चिंता से उबरले क तरिको बतवलें।

प्रधानमंत्री कहले कि छात्रन के परिक्षा में निम्मन प्रदरसन करे बदे अपने पसंदिदा गतिविधियन में सामिल होखे के चाहि। उहां के छात्रन के लिखले क आदति बनवले रखले क सलाहि दिहलीं। प्रधानमंत्री पोषण अउर सेहत के महातमों पर परकास डरलें। उहां के अच्छी नींद अउर भिनसहरा के धूप क महातम बतउलीं अउर बिना तनाव के इंतिहान क तइयारी करे पर जोर दिहलीं। परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम के आठवां संस्करण क प्रदेस के विभिन्न जिलन के साथे बनारसो जिला क कई स्कूलन में सोझे परसारण कइल गइल। ओइजा क पीएम श्री राजकीय इंटर कॉलेज मल्दहिया के दरजा बारह क छात्रा एलिजा अंसारी आकाशवाणी से बातचीत में कहलीं कि परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम क हिस्सा बनले से उन्हें बहुते उपयोगी जानकारी मिललि हौ।

***हमने अपने स्कूल में लाइव वो देखा। उमसें उन्होंने बहुत सारी यूजफुल चीजें बताईं। हमारे हेल्थ को लेकर वो कांशियस हैं, हमारी स्लीप को लेकर वो कांशियस हैं, हमारी डाइट को लेकर वो कांशियस हैं और उन्होंने हमे बताया कि हमे सूर्य नमस्कार करना चाहिए। सुबह सुबह हमे दस बार डीप ब्रीथ लेना चाहिए। इनवार्यनमेंट को लेकर उन्होंने काफी सारी चीजें बताईं।***

**********

प्रदेस क सज्जों जिलन में आजु राष्ट्रीय कृमि मुक्ति दिवस मनावल गइल। एहमन आंगनबाड़ी में पंजीकृत अउर स्कूलन में पढ़े वाले एक से ओन्नइस बरिस उमिरि क लइकन के पेट से कीड़ा निकरले क दवाई खियावल गइल। श्रावस्ती जिला में मुख्य विकास अधिकारी लइकन के दवा खिया के अभियान क सुभारंभ कइलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिन पर हल्लुक से लेके मध्यम कुहेसा क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से येहू हपता मौसम सुस्क रही। सथहीं बारह से चउदह फरौरी ले एह क्षेत्रन में तेज सतही बयारो चलले क अनेसा हौ।

**********